

Paj Reyalite #49: Lwa sou Migran ak Travayè Pwoteksyon Agrikòl de Sezon

[Lwa sou Migran ak Travayè Pwoteksyon Agrikòl de Sezon \(MSPA\)](#) pwoteje migran ak travayè agrikòl de sezon, lwa a etabli travay estanda an relasyon ak salè, lojman, transpòtasyon, divilgasyon ak rejis. MSPA egzije tou pou kontraktè travay agrikòl yo enskri nan Depatman Travay nan Etazini (DOL).

Rejistrasyon pou kontraktè Travay Agrikol

Yon Kontraktè Travay Agrikol (FLC) se yon moun ki, pou lajan oswa lòt konsiderasyon enpòtan peye oswa yo te pwomèt pou peye'l, oswa rekrute, mande, anboche, anplwaye, founi oswa transpòte migran ak/oswa travayè agrikòl sezonye yo oswa bay lojman pou migran travayè agrikòl yo. Travayè agrikòl yo, asosyasyon agrikòl yo ak travayè li yo pa enkli nan tèm sa.

Anvan yo fè nenpòt aktivite travay agrikòl kontra, yon kontraktè travay agrikòl dwe enskri nan Depatman Travay nan Etazini (DOL) epi resevwa yon sètifika de enskripsyon. Yon kontraktè travay agrikòl dwe espesifikman jwenn otorizasyon pou li bay lojman oswa transpòtasyon a migran yo oubyen pou travayè agrikòl sezonye yo avan li kapab bay lojman ak transpòtasyon. Moun ki travay pou kontraktè travay agrikòl pou li pèfome aktivite kontra travay agrikòl yo tou dwe anrejistre nan DOL. Aplikasyon pou enskripsyon kapab fèt nan biwo lokal yo nan Sèvis Travay Leta a.

Kontraktè travay agrikol yo ak kontraktè travay agrikol travayè yo ki fè aktivite kontraktè travay agrikol yo dwe pote prèv enskripsyon epi montre travayè yo li, travayè agrikòl yo, asosyasyon agrikòl yo, ak nenpòt lòt moun ke yo aji kòm kontraktè.

Asosyasyon Agrikilti yo, konpayi travay agrikòl yo, ak travayè yo, yo pa konsidere yo kòm kontraktè travay agrikòl epi yo pa bezwen enskri. Sepandan, anvan yo angaje sèvis yo nan nenpòt kontraktè travay agrikol, yo dwe pran mezi rezonab pou asire ke kontraktè a gen yon sètifika enrejistrasyon DOL ki valab pou sèvis ke y'ap fè yo. Pou plis enfòmasyon konsènan validite yon sètifika, rele Divizyon Salè a ak Èdtan sou nimewo gratis la **1-866-4USWAGE (1-866-487-9243)**.

Salè

Asosyasyon Agrikilti yo, konpayi agrikòl yo, ak kontraktè travay agrikòl yo dwe peye travayè yo salè yo kòm sadwa, epi bay travayè yo detay, deklarasyon alekri de salè yo pou chak peryòd yo touche, li dwe inklu nenpòt kantite ke yo dedui ak pouki rezon dediksyon yo.

Lojman

Chak moun oswa òganizasyon ki posede oswa kontwole yon etablisman oubyen pwopriyete Imobilye ke yo itilize pou lojman travayè migran yo dwe respekte nom ofisyel federal ak sekirite leta e sante. Yon deklarasyon alekri sou tèm ak kondisyon lokatè yo dwe afiche nan lokal lojman an kote yo ka wè li oswa yo kapab bay ouvriye yo li.

Transpòtasyon

Asosyasyon Agrikilti yo, konpayi travay agrikòl yo, ak kontraktè travay agrikòl yo dwe asire ke machin yon kontraktè travay agrikòl ap itilize oswa ki kòz yo dwe itilize, ak konpayi travayè agrikòl, oswa asosyasyon agrikòl k'ap transpòté travayè yo byen asire, epi ki ap opere pa chofè ki gen lisans, epi ki an nòm ofisyel avèk sekirite federal e leta.

Divilgasyon

Asosyasyon Agrikilti yo, konpayi travay agrikòl yo, ak kontraktè travay agrikòl yo dwe enfòmè travayè migran ak travayè agrikòl sezonye yo sou travay kandidati, ki enkli travay ki dwe fèt, salè yo pral touche, peryòd travay ap dire, si konpansasyon travayè leta yo oswa si yo pral bay asirans chomaj leta.

Asosyasyon Agrikilti yo, konpayi travay agrikòl yo, ak kontraktè travay agrikòl yo dwe bay enfòmasyon yo mande a travayè sezonye yo lè yo ofri yo travay, alekri si yo mande; epi bay travayè migran ak travayè sezonye jou yo alekri lè y'ap rekrute yo. Yo dwe bay yo enfòmasyon sou konpansasyon travayè yo, sepandan, alekri pou nenpòt ki kalite travayè. Enfòmasyon yo dwe ekri an angle, panyòl oswa lòt lang ki komen a travayè yo, kòm sadwa. Le yo anboche travay la, migran yo ak travayè sezonye yo gen dwa resevwa sou demann yo yon deklarasyon alekri de enfòmasyon sa yo.

Asosyasyon Agrikilti yo, konpayi travay agrikòl yo, ak kontraktè travay agrikòl yo dwe afiche yon postè kote yo ka wè li nan lokal travay la ki etabli dwa ak pwoteksyon travayè yo ([postè](#) yo disponib nan Divizyon Salè a ak Èdtan).

Rejis

Asosyasyon Agrikilti yo, konpayi travay agrikòl yo, ak kontraktè travay agrikòl yo dwe kenbe dosye pewòl yo konplè e egzat pou tout travayè yo; Anplis, kontraktè travay agrikòl yo dwe bay nenpòt ki lòt kontraktè travay agrikòl, travayè agrikòl, oswa asosyasyon agrikòl ke yo bay travayè yo, yon kopi dosye pewòl pou chak travayè ke yo bay yon kontrakte patikilye, yon konpayi travay, oswa yon asosyasyon.

Lòt Dispozisyon

Kontraktè travay agrikòl yo dwe respekte kondisyon yo ki alekri ki te prepare pa konpayi travay agrikòl ak asosyasyon agrikòl yo.

Egzanpsyon yo

Sèten moun ak òganizasyon, tankou ti biznis yo, kèk operasyon grenn ak tabak, sendika yo, ak travayè yo, yo egzante de Lwa sa.

Anfòsman

Divizyon Salè ak Èdtan de Depatman Travay la nan Etazini administre MSPA. Pandan envestigasyon yo, envestigatè Salè ak Èdtan kapab antre e enspekte pwopriyete yo (tankou machin ak kay), revize e transkri dosye pewòl yo, e entèvyou travayè pou detèmine konfòmite ak MSPA. Envestigatè kapab konseye vyolatè yo pou fè chanjman ki nesèsè rive atenn konfòmite.

Aksyon Administratif anba MSPA enkli sanksyon jiska \$1,000 pou chak vyolasyon, epi, nan ka kontraktè travay agrikol, revokasyon oswa sispansyon de sètifika ki egziste epi refi de enskripsyon sètifika nan lavni. Si pa gen yon konfòmite avèk MSPA, sa kapab rann ke yo rele'w nan lajistis sivil oubyen kriminèl. Asire konfòmite avèk MSPA, Sekretè Travay Etazini an kapab chache Enjonksyon tribinal pou entèdi plis vyolasyon e sa kabap pote akizasyon kriminèl. Tribinal yo kapab evalye amand jiska \$10,000 ak kondisyon prizon jiska twa zan pou ka kriminèl yo.

Anplis remèd ki anwo yo, moun ki we ke dwa yo vyole anba MSPA kapab pwosè dirèkteman nan tribinal federal pou domaj yo.

Kote pou Jwenn plis Enfòmasyon

Pou enskri kòm yon kontraktè travay agrikol, kontakte swa biwo Sèvis Travay Leta ki pi pre a, ki nan prèske tout lis repèrtwar telefòn anba Gouvènman Eta, oswa [nan biwo Salè ak Èdtan ki pi pre a](#), ki nan lis anba Gouvènman US, Depatman Travay.

Pou plis enfòmasyon konplè konsènan MSPA e lot sijè ki an relasyon ak sa tankou travay konjwen oswa Lwa Estanda pou Travay Jis (FLSA) konsènan salè minimòm, ovètaym, ak dispozisyon travay pou jèn, vizite Salè-Edtan sit web nou an: www.wagehour.dol.gov ak/oswa rele Salè-Edtan nan nimewo gratis telefòn liy èd, ki disponib de 8 am jiska 5 pm nan zòn tan pa ou, nan 1-866-4US-WAGE (1-866-487-9243).

Lwa MSPA parèt nan [29 USC 1801 §](#) et seq. Règleman federal yo ki aplike pou MSPA parèt nan [29 CFR Pati 500](#).

Piblikasyon sa a se pou enfòmasyon jeneral e yo pa dwe konsidere li menm jan yo konsidere deklarasyon ofisyèl yo nan pozisyon ki nan règleman yo.

U.S. Department of Labor
Frances Perkins Building
200 Constitution Avenue, NW
Washington, DC 20210

1-866-4-USWAGE
TTY: 1-866-487-9243
[Contact us](#)